

# Kijan nou konnen vaksen COVID-19 yo ap travay

Vaksen COVID-19 yo sove plizyè vi nan anpeche enfeksyon ak maladi COVID-19 grav.



## PALE DIRÈK SOU COVID-19

### Sa nou konnen jiska prezan

- Toule twa vaksen yo redui risk pou pran COVID-19. Sa ki plis enpòtan, **yo kenbe majorite moun ki vaksinen pou yo pa ospitalize ni mouri.**
- Esè klinik yo pwouve ke vaksen COVID-19 san danje epi travay byen pou anpeche maladi grav ak ospitalizasyon. Vaksen yo tou **ap byen travay pou piblik jeneral la.**
- Prèske tout moun **ki pran vaksen COVID-19** kounye a **poko vaksinen konplètman.**
- Nan laboratwa etid yo, vaksen COVID-19 yo **pwoteje kont nouvo varyan yo** ki pwopaje pi fasil pase souch ki pi ansyen yo.

### Sa nou ap aprann

- Pwoteksyon ki ofri pa **toule twa vaksen ki disponib yo** kont varyan aktyèl yo sanble bon.
- Nou **poko konnen konbyen tan pwoteksyon** vaksen yo bay la pral dire oubyen si moun yo pral bezwen boustè (vaksen adisyonèl).

### Pran vaksen

Tout moun ki gen 12 an ak pi gran elijib pou yon vaksen COVID-19. Pou pran pa w la, vizite **[vaccinate.virginia.gov](https://vaccinate.virginia.gov)** pou jwenn klinik vaksen ki pi pwòch ou.

**Pran vaksen ou GRATIS!**